

ABSTRAK

Shiva Fatimah Putri Dea Ismy, 2022. Kalimpahan Serangga Orde Hemiptera di Kawasan Alih Fungsi Lahan Leuwung Pinus Ciwidey Kabupaten Bandung. Diaping ku Suhara, M. Pd. sareng Cita Tresnawati, M. Pd.

Hemiptera mangrupa salah sahiji orde sarangga anu ayana rentan kana parobahan lingkungan, kaasup parobahan tata guna lahan. Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kalimpahan jeung rupa-rupa sarangga orde Hemiptera di Kawasan Alih Fungsi Lahan Leuweung Pinus Ciwidey Kabupaten Bandung. Méthode panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode deskriptif, pikeun ngadéskripsikeun réa-réa orde Hemiptera sacara faktual luyu jeung anu ditalungtik di lapangan. Sampling dilaksanakeun ngagunakeun sababaraha cara diantarana pitfall trap, insect net, hand sorting, jeung beating tray. Hasil panalungtikeun nuduhkeun yén nilai kalimpahan Hemiptera di Kawasan Alih Fungsi Lahan Leuweung Pinus Ciwidey, Kabupaten Bandung nyaéta 43 Ind/m² kalayan 86 individu, nu kaasup kana 6 familia; 14 marga; 14 spesies dicirikeun. Kalimpahan Hemiptera di Kawasan Alih Fungsi Lahan Leuweung Pinus Ciwidey, Kabupaten Bandung dipangaruhan ku faktor iklim, konversi lahan, rupa-rupa vegetasi, jeung katersediaan sumber pangan.

Kecap konci: *Kalimpahan, Hemiptera, konversi lahan, leuweung pinus.*